

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis, jeung pedaran kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur taun ajaran 2014/2015, ieu hasil panalungtikan téh bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur saméméh ngagunakeun modél pangajaran STAD nya éta can mampuh, rata-rata peunteun unggal aspék anu diujikeun nya éta 1) aksara swara 6,5 tina rata-rata peunteun nu kudu dihontal 7,5, hartina siswa masih can mampuh nulis aksara swara kalayan bener, 2) aksara ngalagena 34,8 tina rata-rata peunteun nu kudu dihontal 35,6, hartina siswa masih can mampuh nulis aksara ngalagena kalayan bener, 3) rarangkén 14,2 tina rata-rata peunteun nu kudu dihontal 24,3, hartina siswa masih can bisa nempatkeun rarangkén dina tempat nu sakuduna, jeung 4) angka 7,0 tina rata-rata peunteun anu kudu dihontal 7,5, hartina siswa masih can mampuh nuliskeun angka kalayan bener, siswa masih sok pahili antara nuliskeun angka jeung aksara swara atawa ngalagena.
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur sabada ngagunakeun modél pangajaran STAD nya éta mampuh, rata-rata peunteun unggal aspék anu diujikeun nya éta 1) aksara swara 8,7, tina rata-rata peunteun nu kudu dihontal 7,5, hartina siswa mampuh nulis aksara swara kalayan bener, 2) aksara ngalagena 41,8, tina rata-rata peunteun nu kudu dihontal 35,6, hartina siswa mampuh nulis aksara ngalagena kalayan bener, 3) rarangkén 28,3 tina rata-rata peunteun nu kudu dihontal 24,3, hartina siswa geus bisa nempatkeun rarangkén dina tempat nu sakuduna, jeung 4) angka 9,6 tina rata-rata peunteun nu kudu dihontal 7,5, hartina siswa geus mampuh nuliskeun angka kalayan bener.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur taun ajaran 2014/2015 dina nulis aksara

ISNI NURSANSIATI ASRI, 2015
MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA
SUNDA

Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun modél STAD. Bisa katitén tina hasil uji hipotésis yén $t_{itung} (9,27) > t_{tabel} (2,51)$. Ieu hal ngabuktikeun yén modél *Student Team Achievement Division (STAD)* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur taun ajaran 2014/2015.

5.2 Implikasi

Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Dilarapkeun modél STAD meunang réson anu positif boh ti siswa boh ti guru., ku sabab prak-prakan ngalarapkeun modél pangajaran STAD kawilang leuwih ngirut sarta éféktif. Ayana gawé bareng dina diajar nulis aksara Sunda, sarta kuis jeung penghargaan nu dibéré ti guru keur siswa, jadi salasihiji alesan pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelanana dina nulis aksara Sunda. Dina diajar kelompok siswa biasana ngarasa bosen jeung teu resep lantaran siswa nu kurang mampuh diajarna sok ngarasa *minder* ka babaturanna nu leuwih pinter. Tapi dina ieu modél pangajaran, sakabéh sawangan éta téh euweuh nu karandapan ku siswa. Cara diajar ngagunakeun modél pangajaran STAD leuwih nyoko kana gawé bareng nu pikaresepeun, nu dina ahirna guru méré penghargaan ka siswa nu geus bisa nulis aksara Sunda kalayan bener. Ku kituna siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri nu ajarkeun boh ku guru boh ku babaturan kelompokna kalayan suasana diajar nu henteu monoton jeung ngabosenkeun.

5.3 Rekomendasi

Tina hasil ieu panalungtikan, rékoméndasi anu bisa ditepikeun ku panalungtik nya éta dina ieu panalungtikan, modél pangajaran *Student Team Achievement Division (STAD)* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salasihiji alternatif modél pangajaran pikeun guru nalika kagiatan pangajaran lumangsung di kelas di kelas, hususna dina pangajaran nulis.